



Andiswa gwo jwèz foutbòl

✎ Eden Daniels

🔗 Eden Daniels

💬 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

📊 2

💬 krèyol ayisyen ht



Andiswa tap gade ti gason yo ap jwe foutbòl.
Li te anvi jwe avèk yo tou. Li mande yo si li te
kapab pratike ak yo.



Antrenè a mete de men nan ren li pou'l di “
Nan lekòl sa a, se sèl ti gason ki jwe foutbòl”.



Ti gason yo voye'l al jwe nètchèl. Yo di li ke jwèt nètchèl se pou fi tandiske foutchèl se pou ti gason. Andiswa pate kontan.



Lekòl lan te gen yon gwo match foutbòl jou kap vini an. Antrenè a te gen enkyetid paske pibon jwè li te malad, li pa te kapab jwe.



Andiswa kouri al jwenn antrenè an pou li mande'l si te kapab ranplase jwè sa a. Antrenè a pat konn sa pou'l te fè. Enpi, li deside kite Andiswa jwe.



Match lan te difisil anpil. Nan mitan match lan okenn moun poko te bay yon gòl.



Nan dezyèm mitan an, yon ti gason pase boul lan bay Andiswa. Andiswa ranmase bou lanak pye li, li tonbe kouri ak boul lan nan direksyon filè an. Li shoute boul la ... li bay yon gòl.



Foul lan leve kanpe pou'l bat bravo. Depi lè sa a, ti fi kapab jwe foutbòl nan lekòl sa a.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Andiswa gwo jwèz foutbòl

 Eden Daniels

 Eden Daniels

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

